

Fòm Konsantman Interboro RHIO

Haitian Creole

<p>NON E/OSWA DEZIYASYON JENERAL FOUNISÈ SWEN SANTE KI OTORIZE POU DIVILGE ENFÒMASYON OU YO KI GEN POU WÈ AK SANTE ATRAVÈ INTERBORO RHIO A. Fòm la otorize deziyasyon jeneral Founisè Swen Sante yo ki dekri nan skesyon 3 nan do fòm sa a ak nan Founisè Swen Sante ki liste nan dokiman ki tache la a e ki make « Sous enfòmasyon » (kolèktivman « HPS K AP DIVILGE YO ») pou revele enfòmasyon sante mwen yo atravè Interboro RHIO a. Lis Sous enfòmasyon yo gendwa chanje detanzantan, e anplis listaj HP DIVILGE yo, lis la ba w esplikasyon sou fason pou w jwenn yon list HP DIVILGE yo ki ajou nenpòt kilè.</p>	<p>NON PASYAN AN</p> <p>ADRÈS</p> <p>DAT NESANS/MR#</p>
<p>NON/ADRÈS FOUNISÈ SWEN SANTE A (YO) KI OTORIZE POU RESEVWA ENFÒMASYON SANTE W YO ATRAVÈ INTERBORO RHIO («HP K AP JWENN AKSÈ»)</p>	

OBJEKTIF FÒM KONSANTMAN AN. Fòm sa a pèmèt ou deside si Divilge HP gendwa divilge enfòmasyon swen sante w atravè Òganizasyon Sante Rejyonal Interboro (« Interboro RHIO ») jan li dekri nan fòm sa a. Interboro RHIO se yon echanj enfòmasyon sante ki pa pou fè pwofi (HIE). HIE yo kontribye nan echanj elektwonik enfòmasyon sante pami founisè swen sante yo (« HP » yo) ki gen menm pasyan yo. HP yo itilize Interboro RHIO pou divilge enfòmasyon ki gen pou wè ak lasante osijè pasyan bay lòt HP yo ki swen menm pasyan sa yo. HP yo itilize tou Interboro RHIO pou jwenn aksè nan enfòmasyon ki gen pou wè ak lasante nan men lòt HP yo ak nan sous enfòmasyon sante ki gen menm pasyan avèk yo. Li kabap fè li pi fasil pou HP yo pou ba w swen ki gen mwens danje e ki pi efikas, lè yo sèvi ak Interboro RHIO pou divilge ak jwenn aksè nan enfòmasyon ki gen pou wè ak sante w. Kalite echanj sa a rele teknoloji enfòmasyon sante oswa e-sante. Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon osijè e-sante nan Eta Nouyòk, ou kapab li tiliv la ki rele « Pibon enfòmasyon vle di pibon swen. » Swa ou kapab mande founisè w pou li ba w tiliv sa a oubyen ou kapab al gade wèbsay la nan www.ehealth4ny.org pou w kapab jwenn li. **DEKSRIPSYON OPSYON KONSANTMAN YO.** Gen de (2) opsyon konsantman kid ekri annapre a. Si w chwazi opsyon « **MWEN BAY KONSANTMAN MWEN** », sa vle di «**WI, mwen vle HP kap divilge yo pou yo divilge elektwonikman tout enfòmasyon mwen yo ki gen pou wè ak sante m bay HP k ap jwenn aksè a ki liste anlè a atravè Interboro RHIO a** jan sa dekri nan fòm sa a. Si w chwazi opsyon « **MWEN REFIZE BAY KONSANTMAN MWEN** » an, ou chwazi di « **NON, mwen pa vle pou HP k ap divilge yo divilge enfòmasyon mwen yo ki gen pou wè ak lasante** elektwonikman bay **HP k ap jwenn aksè ki liste anlè a atravè Interboro RHIO a** jan sa dekri nan fòm sa a, **menmsi gen yon ka dijans medikal.** » Konsantman ou konplètman volontè. Ou p ap gen pwoblèm pou w jwenn aksè nan swen sante ak tretman poutèt ou bay konsantman ou oswa ou pa t bay konsantman ou nan fòm sa a. Ou kapab ranpli fòm sa a koulè a oswa yon lòt lè. Tanpri li devan ak do fòm sa a, ikonpri tout fichye-jwen yo epi pran san ou pou reflechi e evalye repons ou yo. Pa bliye, si w deside ranpli fòm sa a, ou gen de (2) chwa sèlman ki posib.

CHWA POU KONSANTMAN (chwazi yon sèl repons).

- MWNE BAY KONSANTMAN MWEN pou HP k ap divilge yo divilge TOUT enfòmasyon mwen yo ki gen pou wè ak lasante** elektwonikman bay **HP k ap jwenn aksè a** atravè Interboro RHIO a nan sa ki gen pou wè ak kèlkeswa sèvis swen sante, **IKONPRI SWEN DIJANS.** *Tanpri sonje : **Konsantman sa a pa garanti yo pral divilge tout enfòmasyon ou yo grasa Interboro RHIO bay HP k ap jwenn aksè yo.***
- MWEN REFIZE BAY KONSANTMAN MWEN pou HP k ap divilge yo kapab divilge KÈLKESWA** enfòmasyon ki gen pou wè ak swen sante mwne yo elektwonikman bay **HP k ap jwenn aksè an grasa Interboro RHIO an** pou kèlkeswa rezon an, **MENMSI TA VIN GENYEN YON IJANS MEDIKAL.** *Tanpri sonje : **SI W PA METE YON KWA NAN BWAT SA A, lejislasyon Eta Nouyòk pèmèt moun k ap swen ou nan yon ka dijans pou yo jwenn aksè nan dosye medikal ou, ikonpri nan tout dosye ki disponib grasa Interboro RHIO.***

ANILASYON KONSANTMAN OU. Si w bay konsantman ou grasa fòm sa a, men pare sa ou ta renmen anile konsantman ou, ou gen dwa fè l nenpòt kilè. Gen de (2) fason ou kapab anile konsantman ou. Premyèman, nenpòt kilè ou kapab siyen yon **Fòm pou Anilasyon Konsantman** epi remèt li Interboro RHIO a. Dezyèmman, ou kapab chanje tou sa w chwazi nan konsantman an si ou siyen yon nouvo **Fòm Konsantman RHIO** nenpòt kilè. Ou gendwa jwenn fòm sa yo sou wèbsayt Interboro RHIO a nan www.interbororhio.org oswa rele nan 718-334-5844. **Tanpri sonje :** jan fòm sa a ak lejislasyon Eta ak federal ki aplikab la pèmèt li, HP yo ansanm ak lòt sous enfòmasyon yo gendwa divilge, jwenn aksè, kopye e/oswa ajoute enfòmasyon pa w ki gen pou wè ak alsante nan pwòp dosye medikal pa yo pandan konsantman sa a kontinye valab. Menmsi pare sa ou deside retire konsantman ou, HP yo pa oblije retire enfòmasyon ou ki nan dosye yo.

KONDISYON POU KONSANTMAN AN. Sof sizoka ou te deside pou anile konsantman ou, konsantman ou pral pran fen dis (10) lane koumanse nan dat lè ou te siyen anba la a oswa lè Interboro RHIO sispann mache oubyen sis (6) mwa apre ou mouri, kèlkeswa bagay ki rive an premye pami de (2) evènman sa yo.

Siyati Pasyan an oswa Repezantan jiridik Pasyan an	Dat
Ekri Non Repezantan jiridik la avèk lèt majiskil (si li aplike)	Ki relasyon Repezantan jiridik la genyen avèk Pasayan an (si li aplike)

KONSANTMAN OU : KISA L VLE DI. Li trè enpfòtan pou w li enfòmasyon ki nan seksyon sa a e pou w konprann sa li vle di, paske li fè w konnen sa sa vle di lè w gen lechwa pou bay konsantman ou, kimoun ki kapab ak kimoun ki pa kapab wè enfòmasyon w ki gen pou wè ak sante w ansanm ak ki enfòmasyon ou dakò pou bay.

- 1. Rezon pou yo divilge ak pou yo jwenn aksè nan Enfòmasyon sou sante w.** Sof si lejislasyon Eta oswa lejislasyon federal la otorize l, yo pral divilge et moun ap jwenn aksè nan enfòmasyon sante w elektwonik pou rezon sila yo sèlman :
 - pou kapab ba w tretman medikal ak sèvis ki gen pou wè ak tretman medikal
 - pou verifye si w gen asirans maladi ak kisa li kouvri si w gen lentansyon itilize asirans ou pou peye pou swen sante w.(Tanpri sonje : Sa w deside nan Fòm Konsantman sa a PA pèmèt asirè sante jwenn aksè nan enfòmasyon ou yo pou yo kapab deside si pou yo ba w asirans sante oswa si pou yo peye fakti ou yo. Ou gendwa chwazi posibilite sa a nan yon lòt Fòm Konsantman konpayi asirans sante yo dwe itilize).
- 2. Ki kalite enfòmasyon sou w ki ladann** Si w deside pou w bay konsantman ou, HP k ap divilge yo gendwa revele TOUT enfòmasyon elektwonik ou ki gen pou wè ak sante w ki disponib pou HP k ap jwenn aksè yo grasa Interboro RHIO a, jan sa dekri nan fòm sa a. Enfòmasyon yo te kreye anvan ak apre dat ki make sou Fòm Konsantman sa a antre ladann tou. Pami enfòmasyon ki gen pou wè ak sante w, genyen : dosye medikal ansm ak lòt enfòmasyon medikal ankò, tankou istorik maladi oswa blesi ou te deja genyen (tankou dyabèt oswa frakti zo), rezilta tès (tankou radyografi oswa tès san yo) ansanm ak tout lis medikaman ou te janm pran; enfòmasyon yo jwenn nan men lòt founisè ; enfòmasyon pèsònèl ak prive yo gendwa itilize pou idantifye w ; enfòmasyon sou w ak sou fanmi w ; ansanm ak enfòmasyon finansye/faktirasyon. Tanpri pa bliye enfòmasyon ou ki an rapò ak sante w kapab gen pou wè ak eta sante ki delika, ikonpri men ki pa limite ak sa ki annapre yo : **PLANING FAMILYAL AK AVOTMAN** (planing) ; **MALADI JENETIK**(ki nan jèn ou) **OSWA** tès, ikonpri **ENFOMASYON TES JENETIK SOU PREDISPOZISYON ; VIH/SIDA ; MALADI MANTAL YO; RETADE MANTAL AK RETA NAN KAPASITE DEVLOPMAN; e KONSOMASYON DWOG AK ALKOL** (pwoblèm ak dwòg e alkòl) ; **MALADI KI TRANSMISIB** ikonpri **MALADI KI SEKSYELMAN TRANSMISIB ; AK KANSE**
- 3. Ki kote yo pran enfòmasyon ou ki gen pou wè ak sante w.** Yo pran enfòmasyon ki konsène w nan anpil kote ki te ba w oswa ki pral ba w swen medikal (oswa sèvis ki an rapò ak swen mendikal) oswa asirans sante (« Sous enfòmasyon ») w ki founisè ofisyèl Interboro RHIO a. Founisè ofisyèl yo gen ladann tout HP ki anrejistre pou patisipe nan Interboro RHIO ansanm ak HP patisipan pou lòt HIE ki siyen yon akò avè Interboro RHIO a pou fasilite echanj elektwonik enfòmasyon sante yo. Pami HP sa yo, gen ladann lopital ; klinik anbilatwa ; sant tretman dyagnostik ; doktè ; dantis ; podyat ; konpayi asirans ; laboratwa klinik ; mezon retrèt ; etablisman pou sante mantal ikonpri pwogram pou moun ki pran dwòg oswa alkòl ansanm ak pwogram Medicaid la. W ap jwenn ansanm ak fòm sa a yon lis Sous enfòmasyon sante yo ki aksesib atravè Interboro RHIO. Lis sa a gendwa chanje san yo pa bezwen enfòmasyon w de sa. Epitou, anplis de listaj divès sous enfòmasyon yo, lis la ba w espikasyon sou fason pou w kapab jwenn yon lis ki ajou kote ki make tout Sous enfòmasyon yo ki sòti nan men founisè w ansanm ak nan Interboro RHIO.
- 4. Kimoun ki gen dwa jwenn aksè nan enfòmasyon ki konsène w, si w deside pou bay konsantman ou.** Se sèlman moun ki travay nan HP k ap jwenn aksè yo ou te nonmen sou devan fòm sa a ki gen dwa jwenn aksè e resevwa enfòmasyon ki konsène w : doktè ansm ak lòt founisè swen sante ki fè pati nan pèsònèl medikal k ap patisipe nan swen medikal ou ; founisè swen medikal k ap ranplase oswa ki de sèvis pou doktè sa yo ; ansanm ak manm pèsònèl la k ap fè aktivite Fòm Konsantman sa a otorize, jan sa dekri anlè nan paragaf 1.
- 5. Sanksyon pou lè yo sèvi ak enfòmasyon ou yo yon fason ki pa kòrèk.** Gen sanksyon pou lè yo jwenn aksè oswa lè yo sèvi ak enfòmasyon sante elektwonik ou yo yon fason ki pa kòrèk. Si w kwè yon moun te resevwa oswa li te jwenn aksè nan enfòmasyon sante w yon fason ki pa kòrèk, tanpri al gade nan wèbsayt Interboro RHIO a nan adrès sa a : www.interbororhio.org ; oswa rele Depatman Sante NYS nan 877-690-2211.
- 6. Re-divilgasyon enfòmasyon an yon lòt fwa** Kèlkeswa enfòmasyon sante a ki konsène w yo te divilge oswa moun te jwenn aksè ladann, HP k ap jwenn aksè a gen dwa divilge yo yon lòt fwa bay lòt moun, jan lejislasyon ak règlemantasyon federal ak Eta a pèmèt li sèlman. Sa kapab rive tou pou tout kalite enfòmasyon sante ki konsène w ki make sou yon fòm ki enprime sou yon fèy papye. Sèten lejislasyon federal ak Eta yo akòde yon pwoteksyon espesyal pou sèten kalite enfòmasyon ki gen pou wè sante, ikonpri enfòmasyon ki an rapò ak : (i) evalyasyon ou, tretman oswa egzamen eta sante ou ;(ii) VIH/SIDA ; (ii) maladi mantal ; (iv) reta mantal ak reta nan kapasite devlopman ; (v) konsomasyon dwòg ak alkòl ; (vi) tès pou predispozisyon jenetik. Li enpòtan pou respekte egzijans espesyal yo fikse chak fwa moun resevwa kalite enfòmasyon ki gen pou wè ak sante sa yo. Chak fwa yo vle divilge enfòmasyon ki gen pou wè ak lasante, jan konsantman ou bay la otorize l, yo fèt pou respekte egzijans sa yo.
- 7. Kopi Fòm la.** Ou gen dwa resevwa yon kopi FòmKonsantman sa a apre ou fin siyen li.